

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis mangrupa opat komponén dina kaparigelan basa. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Nida dina (Tarigan, 2008: 1) anu nétélakeun yén kaparigelan basa téh ngawengku opat komponén nya éta *listening skills, reading skills, speaking skills, jeung writing skills*. Diantara opat kaparigelan éta, kaparigelan nulis (*writing skills*) kaasup kana kaparigelan panghéséna kusabab aktivitas nulis mangrupa wangun maniféstasi kamampuh jeung kaparigelan basa anu pamungkas dikawasa ku anu diajar basa sanggeus kamampuh ngaregepkeun, nyarita jeung maca (Nurgiantoro, 2009: 298). Kamampuh nulis hésé dikawasa sabab kudu ngawasa heula unsur kabahasaan jeung unsur di luar basa pikeun jadi eusi karangan. Unsur basa jeung unsur eusi téh kudu di adumaniskeun sangkan ngahasilkeun karangan anu sistematis.

Sanajan nulis téh hésé, tapi nulis ogé kacida pentingna pikeun unggal jalma hususna dina dunya atikan. Kagiatan nulis teu weléh pegat dina prosés diajar-ngajar. Sabab, ditilik tina mangpaatna, kagiatan nulis téh bisa ngalatih siswa sangkan mikir kritis, bisa nimbulkeun ayana daya persépsi anu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, tur bisa nyusun runtuyan pangalaman (Tarigan, 2008: 22-23). Tulisan ogé bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri anu nulis (Suriamiharja, 1996: 145).

Kagiatan nulis kaasup kana kagiatan anu aktif tur produktif sabab ngahasilkeun karya karangan. Hasil karangan téh bisa rupa-rupa eusina dumasar

kana wangun tulisanana. Nurutkeun Sudaryat (2003: 51), wangun tulisan téh aya opat nya éta (1) karangan narasi; (2) karangan déskripsi; (3) karangan éksposisi; jeung (4) karangan arguméntasi.

Karangan narasi ngawengku dongéng, novél, carita pondok, wacana, biografi, otobiografi, jeung skétsa. Karangan déskripsi ngadarkeun eusi dumasar kana runtuyan waktu atawa tempat. Karangan éksposisi contona artikel ngeunaan cara nyieun kue. Sedengkeun karangan arguméntasi eusina ngajéntrékeun tur nerangkeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan anu kuat nepi ka jalma lian kahudang pikeun milampah hiji pagawéan (Sudaryat, 2003: 51-53).

Dumasar kana SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda di tingkat SMA/SMK/MA kelas X, pangajaran nulis anu diajarkeun ka siswa salah sahijina nya éta pangajaran nulis biografi anu kaasup kana wangun tulisan narasi. Luyu jeung standar kompetensi 10.4 disebutkeun *yén siswa mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk terjemahan, menggunakan aksara Sunda, serta menulis surat dan biografi*. Katut kompetensi dasar 10.4.4 *menulis biografi (riwayat hirup)*.

Biografi dibagi dua nya éta biografi singget jeung biografi anu eusina panjang. Bédana nya éta dina pedaran atawa eusina. Nurutkeun Ary (2006: 1) biografi singget nya éta tulisan atawa lalakon kahirupan pribadi hiji jelema kalawan nyaritakeun pakta-pakta ngeunaan pangalaman jeung kagiatan sapopoéna. Sedengkeun biografi anu eusina panjang ngawengku informasi-informasi penting anu dicaritakeun kalawan *detail* tur maké gaya nyarita anu

hadé. Dina ieu panalungtikan, biografi anu dijadikeun matéri panalungtikan nya éta biografi singget.

Nulis biografi téh kawilang penting sabab miboga fungsi pikeun ngalatih siswa dina nganalisis jeung ngajéntrékeun kajadian-kajadian dina kahirupan hiji jalma. Ngaliwatan biografi, siswa bisa mikanyaho katerangan tina paripolah jalma atawa misteri kahirupan hiji jalma pikeun dijadikeun eunteung dina kahirupan jalma séwang-séwangan (Ary, 2006: 2).

Disagédéngeun éta, ngaliwatan nulis biografi siswa bisa ngébréhkeun ide, pikiran jeung kahayangna luyu jeung standar kompetensi pangajaran basa Sunda anu kudu dihontal.

Nurutkeun pangalaman, panulis kungsi medar matéri ngeunaan nulis biografi di kelas X. Anapon hasil nulis biografi siswa téh kurang nyugemakeun. Ieu hal lantaran siswa kurang maham naon ari biografi téh jeung kumaha cara nyieun biografi anu nyumponan sarat mutlak biografi (kerangka karangan, kajadian penting jeung kronologi kahirupan). Salian ti éta, motivasi siswa dina diajar basa Sunda hususna pangajaran nulis téh kurang. Ku kituna, diperlukeun pangajaran nulis anu éféktif tur bisa méré motivasi pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina nulis biografi.

Tarékah pikeun ngungkulan ieu hal ditangtukeun ku métode jeung téhnik pangajaranana sabab pasualan pangajaran nulis kawengku ku métode jeung téhnik anu digunakeun dina prosés pangajaran éta.

Métode pangajaran anu umum dipaké dina prosés pangajaran contona métode ceramah, dikté, tanya jawab, jeung diskusi. Ieu métode téh miboga kaunggulan jeung kahéngkérana séwang-séwangan.

Salaku pendidik, guru kudu wijaksana dina nangtukeun métode naon anu digunakeun dina prosés pangajaran di kelas. Ieu hal kudu disaluyukeun jeung kondisi peserta didik tur kabutuhan tina matéri anu diajarkeun.

Téhnik pangajaran anu kawilang umum dilaksanakeun dina prosés pangajaran di kelas contona téhnik ngerjakeun soal, lks, jeung nyieun makalah. Ieu téhnik téh miboga kaunggulan jeung kahéngkérana séwang-séwangan.

Salian ngagunakeun métode jeung téhnik anu hadé, hal lian anu kawilang penting nya éta nalika nangtukeun média pangajaran. Éféktif atawa henteuna média pangajaran bisa diténjo tina hasil diajar siswa sabada ngagunakeun média pangajaran. Kecap "*effective*" sorangan hartina manjur, mujarab, bisa mawa hasil; boga hasil guna, jeung ngamimitian dilaksanakeun.

Salian ti éta, fungsi média pangajaran ogé bisa mangaruhan kana motivasi siswa nalika diajar. Luyu jeung pamadegan Hamalik dina Arsyad (2002: 15) anu nétélakeun yén dipakéna média pangajaran dina prosés diajar bisa ngaronjatkeun kahayang jeung minat anu anyar, ngaronjatkeun motivasi jeung rangsangan kagiatan diajar, sarta bisa mangaruhan kana aspék psikologis siswa. Ku kituna, tina sakabéh média anu aya, salah sahiji média anu luyu jeung kritéria di luhur nya éta média anu kréatif saperti média majalah dingding (mading). Luyu jeung pamadegan Nursito (1999: 12) yén majalah dingding (mading) miboga loba mangpaat diantarana salaku wadah kréatifitas pikeun ngahudangkeun motivasi

siswa dina diajar. Ku kréatifna média majalah dingding (mading), dipiharep siswa miboga motivasi pikeun diajar. Sanggeus boga motivasi, siswa dituntut pikeun maham kana matéri pangajaran tur hasil anu dipiharep bisa kahontal.

Nurutkeun pedaran di luhur, panulis ngagunakeun média majalah dingding (mading) dina medar matéri pangajaran pikeun ditalungtik kaéféktifanana.

Panalungtikan ngeunaan nulis biografi di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI can kungsi ditalungtik nepi ka kiwari. Panulis miboga pamadegan yén pangajaran nulis biografi di kelas X tingkat SMA/SMK/MA téh kawilang penting pikeun ditalungtik. Ieu pamadegan téh satuluyna jadi hipotésis dina ieu panalungtikan. Kusabab kitu, panulis nalungtik ngeunaan pangajaran nulis biografi ngagunakeun média majalah dingding (mading).

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung. Puseur tina panalungtikanana nya éta hasil tina nulis biografi siswa. Média majalah dingding (mading) nya éta pikeun stimulus sangkan siswa miboga motivasi diajar basa Sunda hususna dina pangajaran nulis biografi.

Luyu jeung pamadegan sarta pasualan-pasualan di luhur, ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Éféktivitas Média Majalah Dingding (Mading) dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung).”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan diwatesanan pikeun mikanyaho kamampuh nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung.

Guru minangka panalungtik medar matéri ngeunaan biografi ngagunakeun média majalah dingding (mading). Ieu média ditémpélkeun di hareupeun kelas salila panalungtikan. Ku ayana majalah dingding (mading) di kelas, dipiharep siswa miboga motivasi pikeun maca matéri biografi nepi ka ngarti naon ari biografi téh.

Udagan satuluyna nya éta ngajarkeun cara nulis biografi dumasar kerangka karangan. Ku ayana kerangka karangan, dipiharep hasil karangan siswa téh sistematis tur saluyu jeung wengku pangajaran nulis biografi.

Tina udagan-udagan di luhur, panalungtik dipiharep bisa mikanyaho hasil diajar nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 tur kumaha kaéféktivitas média majalah dingding (mading) dina pangajaran nulis biografi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap.

- 1) Kumaha hasil diajar siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung dina nulis biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading)?

- 2) Naha aya béda anu signifikan dina hasil diajar siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung dina nulis biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading)?
- 3) Kumaha éféktivitas média majalah dingding (mading) dina pangajaran nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngungkulan pasualan atawa kahéngkérana dina widang pendidikan jeung pangajaran hususna dina pangajaran nulis biografi di SMK Pasundan 3 Kota Bandung kelas X Multimédia-1.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung dina nulis biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading).
- 2) signifikansi kamampuh nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média majalah dingding (mading).
- 3) éféktivitas média majalah dingding (mading) dina pangajaran nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- 1) méré pangaweruh ngeunaan nulis biografi ngagunakeun média kréatif saperti majalah dinding (mading);
- 2) ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan tarékah ngaronjatkeun kaparigelan nulis biografi; jeung
- 3) méré tatapakan pikeun panalungtik-panalungtik séjénna anu nalungtik pangajaran nulis biografi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha mangpaat praktis, di antarana:

- 1) pikeun panulis, sangkan ngaronjatkeun kamampuh dina ngararancang sarta ngalaksanakeun pangajaran di kelas ngaliwatan nyieun média majalah dinding (mading) dina medar matéri pangajaran;
- 2) pikeun siswa, salaku upaya ngaronjatkeun motivasi diajar siswa nalika diajar basa Sunda antukna bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa séwang-séwangan; jeung
- 3) pikeun guru, dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh tur kaparigelan dina nangtukeun modél jeung média pangajaran anu saluyu jeung kaayaan di lapangan sarta pikeun méré motivasi kalawan inovatif dina ngajarkeun basa Sunda ka siswa tingkat SMA/SMK/MA sangkan siswa bisa narik ati tur onjoy dina diajar basa Sunda.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kamampuh nulis kudu dipiboga ku murid sangkan bisa diajar ngébréhkeun eusi haté, pikiran, ide dina wangun tulisan; jeung
- 2) digunakeunana média pangajaran kréatif saperti majalah dinging (mading) bisa ngaronjatkeun kahayang tur minat siswa dina diajar. Luyu jeung pamadegan Hamalik dina Arsyad (2002: 15) digunakeunana média pangajaran dina prosés diajar bisa ngaronjatkeun kahayang jeung minat anu anyar, ngaronjatkeun motivasi jeung rangsangan kagiatan diajar, sarta bisa mangaruhan kana aspék psikologis siswa. Hartina, guru nalika nangtukeun média pangajaran kudu bisa disaluyukeun jeung kondisi siswa tur lingkungan sakola pikeun mangaruhan minat siswa diajar di kelas.

1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

Méthode nya éta prosedur atawa cara pikeun mikanyaho hiji hal anu miboga léngkah-léngkah sistematis (Masyhuri jeung Zainuddin, 2008: 151). Unggal pangaweruh miboga méthode séwang-séwangan dumasar kana pasualanana. Méthodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kuasi ékspérimén.

Méthodé kuasi ékspérimén (*quasi eksperimental research*) disebut ogé panalungtikan semu. Hartina ieu panalungtikan téh néangan hubungan sabab akibat. Nurutkeun Sukardi (dina Syamsuddin, 2006: 23) jenis panalungtikan ieu loba dilarapkeun dina widang atikan atawa widang séjén anu subjék

panalungtikanana nya éta manusa anu teu bisa dimanipulasi tur dikontrol sacara inténsif.

Cindekna, panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén dipiharep bisa mikanyaho tingkatan kamampuh nulis biografi siswa tina hasil diajar ngagunakeun média majalah dingding (mading).

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, nya éta pratés jeung pascaté. Pratés dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis biografi saméméh ngagunakeun média majalah dingding (mading), sedengkeun pascaté dilaksanakeun pikeun ngukur kaparigelan nulis biografi siswa sanggeus ngagunakeun média majalah dingding (mading).

Data anu geus dicangking, diolah ngaliwatan cara méré peunteun, ngasupkeun peunteun tés awal jeung tés ahir, tur nganalisis data pikeun nguji hipotésis ku cara ngagunakeun (1) uji normalitas data; (2) uji homogénitas; (3) uji hipotésis; jeung (4) uji gain.

1.7 Wangenan Istilah

Wangenan istilah dina ieu panalungtikan téh ngawengku éféktivitas, média, majalah dingding (mading), pangajaran, nulis, jeung biografi.

1) Éféktivitas

Kecap éféktivitas dipaké dina komunikasi lisan jeung tulisan. Kecap éféktivitas téh asalna tina basa asing (*Inggris*) “*effective*” anu hartina manjur, mujarab, bisa mawa hasil tur boga hasil guna.

2) Média

Kecap média asalna tina basa Latin *médius* anu hartina ‘tengah’, ‘perantara’ atawa ‘panganteur’ (Arsyad, 2002: 3). Jadi, anu dimaksud média nya éta komponén sumber diajar atawa wahana fisik anu ngandung matéri instruksional di lingkungan siswa nu bisa méré rangsangan ka siswa pikeun diajar (Arsyad, 2003: 4).

3) Majalah Dingding (Mading)

Majalah dingding (mading) nya éta alat komunikasi masa anu pang sederhana disajikeun dina kertas anu ditémpélkeun dina karton, dingding, triplék.

4) Pangajaran

Pangajaran mangrupa prosés komunikasi transaksional anu sifatna mulang tarima, boh antara guru jeung siswa, atawa antara siswa jeung siswa pikeun ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun (Tim Pengembang MKDU Kurikulum dan Pembelajaran, 2008: 93).

5) Nulis

Nulis mangrupa kagiatan produktif tur aktif pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, pola pikir, kahayang ku cara nuliskeun lambang-lambang atawa barang jieun aksara atawa angka.

6) Biografi

Biografi nya éta tulisan atawa lalakon kahirupan pribadi hiji jelema kalawan nyaritakeun pakta-pakta ngeunaan pangalaman jeung kagiatan

sapopoéna, ogé ngurung usaha ngagambarkeun pasipatanana, kapribadianana jeung lingkunganana.

1.8 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi téh aya lima Bab. Dina Bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, métode panalungtikan, wangenan istilah, jeung raraga tulisan. Dina Bab II dipedar ngeunaan média majalah dingding (mading), pangajaran nulis biografi, jeung hipotésis panalungtikan. Dina Bab III dipedar métodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, variabel panalungtikan jeung wangenan operasional, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Dina Bab IV dipedar éféktivitas média majalah dingding (mading) dina pangajaran nulis biografi siswa kelas X Multimédia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung tur nguji hipotésis anu dirumuskeun dina Bab II. Dina Bab V dipedar kacindekan jeung rékoméndasi.